

Ki kote mwen ka aprann plis?



Ou ka jwenn dokiman sou oryantasyon ak enfòmasyon adisyonèl lè w tcheke kòd QR la oswa vizite www.fincen.gov/boi.

Enskri nan [Mizajou FinCEN](#) pou resevwa mizajou imedyà pa imel sou Pwopriyetè Benefisyè.



Bwochi sa a se eksplikasyon sèlman epi li pa konplete oswa modifiye okenn obligasyon ki enpoze pa lalwa oswa règleman.

Tanpri sonje tou ke egzijans pou fè rapò pou sèten moun ak antite te afekte pa yon desizyon tribinal federal. Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri vizite www.fincen.gov/boi pou aprann plis.

VÈSYON 1 – Pibliye nan Avril 2024

Yon Entwodiksyon sou Rapò Enfòmasyon Pwopriyetè Benefisyè



Nan limyè de yon lòd tribinal federal ki sot pase a, rapòte konpayi yo pa oblije ranpli enfòmasyon pwopriyetè benefisyè ak FinCEN epi yo pa sijè a responsablite si yo pa fè sa pandan y ap lòd la rete nan fòs. Yo ta dwe konprann konsèy sa yo pou adrese kondisyon ki nan yon moman tankou lòd la ka leve. Sepandan, rapòte konpayi yo ka kontinye volontèman soumèt rapò enfòmasyon pwopriyetè benefisyè. Pou aprann plis, vizite fincen.gov/boi.

An 2021, Kongrè a te adopte Lwa bilateral sou Transparans Komèsyal la pou anpeche finansman ilegal. Lwa sa a egzije anpil konpayi k ap fè biznis Ozetazini pou deklare enfòmasyon sou kiyès ki posede oswa kontwole yo an dènye.



Rezo Ranfòsman kont Krim Finansye
Depatman. Trezò Etazini
www.fincen.gov/boi

Nouvo Obligasyon Federal deklarasyon Enfòmasyon sou Pwopriyetè Benefisyè (BOI)

Apati 1ye Janvye 2024, anpil konpayi Ozetazini dwe rapòte enfòmasyon sou pwopriyetè benefisyè yo—endividi ki posede oswa kontwole konpayi an—bay Financial Crimes Enforcement Network (FinCEN), yon biwo Depatman Trezò Ameriken an.

Li senp, sekirize epi gratis pou ranpli l. Deklarasyon enfòmasyon sou pwopriyetè benefisyè a se pa yon egzijans anyèl. Sòf si yon konpayi bezwen mete ajou oswa korije enfòmasyon, yon rapò dwe soumèt sèlman yon fwa.

Asire w ou revize **Gid Konfòmite pou Ti Entite** FinCEN nan, ki bay enfòmasyon pou ede ti biznis yo konfòme yo a obligasyon pou deklarasyon sa a.

Kiyès ki dwe rapòte?

Konpayi ki oblije fè rapò yo rele **konpayi deklaran**. Konpayi deklaran yo ka oblije jwenn enfòmasyon nan men pwopriyetè benefisyè yo epi rapòte enfòmasyon sa yo bay FinCEN..



Konpayi ou a ka bezwen rapòte enfòmasyon sou pwopriyetè benefisyè li yo si li se:

1. yon sosyete, yon konpayi a responsablite limite (LLC), oswa yo te kreye otreman Ozetazini lè yo te depoze yon dokiman ak yon sekretè deta oswa nenpòt biwo ki similè dapre lalwa yon eta oswa yon tribi Endyen; oswa
2. yon konpayi etranje epi li te anrejistre pou fè biznis nan nenpòt eta ameriken oswa tribi Endyen atravè yon dosye konsa.

Ki Lès Ki Pa Oblije Fè Deklarasyon an?

Venntwa tip antite egzante de egzijans pou deklare enfòmasyon sou pwopriyetè benefisyè yo, tankou sosyete piblik yo, òganizasyon san bi likratif, ak sèten gwo konpayi eksplwatasyon.



Gid Konfòmite pou Ti antite FinCEN nan gen ladann lis verifikasyon pou chak nan 23 egzansyon ki ka ede detèmine si konpayi ou a kalifye pou yon egzansyon. Tanpri revize Chapit 1.2 Gid la pou plis enfòmasyon.

Kijan pou mwen deklare?

Konpayi k ap fè deklarasyon yo deklare enfòmasyon sou pwopriyetè benefisyè elektwonikman atravè sitwèb FinCEN nan: www.fincen.gov/boi. Sistèm nan bay yon konfimasyon resepsyon lè yon deklarasyon konplè depoze nan FinCEN.

Kilè pou mwen deklare?

FinCEN te kòmanse aksepte deklarasyon nan dat 1ye janvye 2024.

- Si konpayi ou te kreye oswa anrejistre anvan 1ye janvye 2024, w ap gen jiska 1ye janvye 2025 pou deklare BOI.
- Si yo kreye oswa anrejistre konpayi ou an 2024, ou dwe deklare BOI nan lespas 90 jou apre ou fin resevwa notifikasyon efektiv oswa piblik kreyasyon oswa anrejistreman konpayi ou an, nenpòt sa ki pi pwòch la.
- Si yo kreye oswa anrejistre konpayi ou a nan dat 1ye janvye 2025 oswa apre, ou dwe depoze BOI nan lespas 30 jou apre ou fin resevwa notifikasyon efektiv oswa piblik kreyasyon li oswa anrejistreman antrepriz la.
- Nenpòt mizajou oswa koreksyon nan enfòmasyon pwopriyetè benefisyè ou te deja ranpli ak FinCEN dwe soumèt nan 30 jou.